दिन—शनिवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक—16.11.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे हुनक सरकारक लक्ष्य भोट बैंकक राजनीति सँ हटिकऽ भारत के विकसित राष्ट्र बनेबाक अछि। नव दिल्ली मे एक निजी मीडिया संगठन द्वारा आयोजित लीडरशीप समिट कार्यक्रम के सम्बोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे हुनक सरकार लोकसभ लेल, लोकसभ द्वारा प्रगतिक मंत्रक संग काज कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे सरकार विकासक एहन मॉडल अपना रहल अछि, जतऽ निवेश सँ प्रगति आ रोजगार के गति भेटैत अछि। ओ कहलनि जे दू हजार चौदह मे देशक केन्द्रीय बजट करीब सोलह लाख करोड़ टाका छल जे आब अड़तालीस लाख करोड़ टाका भऽ गेल। प्रधानमंत्री ईहो कहलनि जे आइ भारत मे कम सँ कम दस करोड़ लखपति दीदी छथि।

---

केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह कहलनि अछि जे सरकार कारीगर आ बुनकर के कांच माल सँ लऽकऽ बाजार धरिक सुविधा उपलब्ध करा रहल अछि। नव दिल्ली मे आइ तैंतालीसम भारतीय अंतर्राष्ट्रीय व्यापार मेला, आईआईटीएफ मे मंत्रालयक मंडपक उद्घाटन करैत श्री सिंह कहलनि जे ई मेला कारीगर के एक पैघ मंच प्रदान करैत अछि। ओ कहलनि जे एहि वर्ष भगवान बिरसा मुंडाक एक सय पचासम् जयंतीक अवसर पर मंडप मे जनजातीय थीम पर विशेष हथकरघा आ हस्तशिल्प उत्पाद राखल गेल अछि।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति सक्षमता परीक्षा दू हजार चौबीसक द्वितीय चरणक परिणाम घोषित कऽ देलक अछि। समितिक अध्यक्ष आनन्द किशोर आइ ई परिणाम समितिक वेबसाईट पर जारी कयलनि। तैईस अगस्त सँ छब्बीस अगस्त धरि आयोजित परीक्षा मे कुल पैंसठि हजार सात सय सोलह शिक्षक सफल भेल छथि। कक्षा एक सँ पाँच धरि लेल

आयोजित सक्षमता परीक्षा मे चौवन हजार आठ सय चालीस उम्मीदवार उत्तीर्ण भेलाह। अभ्यर्थी लोकनि अपन आवेदन संख्या आ जन्म तिथिक आधार पर समितिक आधिकारिक वेबसाइट डब्ल्यू डब्ल्यू डब्ल्यू डॉट बीएसईबी सक्षमता डॉट कॉम पर परिणाम देखि सकैत छथि।

———————————————————————

विधान परिषदक तिरहुत स्नातक सीट पर पाँच दिसंबर के होबऽवला उप चुनाव लेल नामांकनक प्रक्रिया चलि रहल अछि। अठारह नवंबर धरि उम्मीदवार नामांकन दाखिल कऽ सकैत छथि। प्राप्त जतनतबक अनुसार एखन धरि जदयूक अभिषेक झा, आरजेडीक गोपी किशन सहित कुल आठ उम्मीदवार नामांकन पर्चा दाखिल कऽ चुकल छथि। उन्नैस नवंबर के नामांकन पत्रक जाँच होयत। जखनकि एक्कैस नवंबर धरि उम्मीदवार नाम वापस लऽ सकैत छथि।

———————————————————————

राज्य मे पैक्स चुनावक तेसर चरण लेल नामांकन प्रक्रिया आइ सँ शुरू भऽ गेल। बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकारक अनुसार नामांकनक प्रक्रिया काल्हि धरि चलत। नाम वापसीक अंतिम तिथि बाइस नवंबर निर्धारित अछि। एहि चरण लेल मतदान उनतीस नवंबर के होयत। ओतहि, चारिम चरण मे एक दिसंबर के होबऽवला मतदान लेल काल्हि सँ नामांकन प्रक्रिया शुरू होयत।

———————————————————————

आइ राष्ट्रीय प्रेस दिवस अछि। ई दिन प्रतिवर्ष सोलह नवंबर के स्वतंत्र आ जिम्मेदार प्रेसक भूमिका के रेखांकित करबाक लेल मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर राजधानी पटना समेत प्रदेशक विभिन्न भाग मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। बेगूसराय, समस्तीपुर, दरभंगा सहित आनो–आन जिला मे जिला प्रशासन द्वारा आयोजित कार्यक्रम मे प्रेसक बदलैत स्वरूप पर चर्चा कयल गेल। कतेको ठाम कार्यक्रम मे वरिष्ठ पत्रकार लोकनि के सम्मानित सेहो कयल गेलनि।

———————————————————————

स्वर कोकिला शारदा सिन्हाक स्मृति मे आइ पटना मे श्रद्धांजलि सह प्रार्थना सभा आयोजित कयल गेल अछि। कार्यक्रम मे हुनक कतेको प्रशंसक आ समाज तथा परिवारक लोक सभ उपस्थित भऽ शारदा सिन्हा के श्रद्धाजंलि दऽ रहल छथि। कार्यक्रमक पूव्र राष्ट्रपति रामनाथ कोविन्द, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय सेहो हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

————————————————————

बिहार रेजिमेंटल सेंटर दिस सँ दानापुर कैंट मे काल्हि सँ होबयवला सेना भर्ती प्रक्रिया के भारी भीड़ के देखैत रद्द कऽ देल गेल अछि। एएसपी भानुप्रताप सिंह जनौलनि जे आब आट्ठाईस नवंबर सँ जिलाक आधार पर भर्ती प्रक्रिया होयत।

————————————————————

खगड़ियाक पुलिस अधीक्षक चंदन कुमार कुशवाहा कर्तव्यहीनताक आरोप मे दू पुलिस अवर निरीक्षक, एक सहायक अवर निरीक्षक, एक हवलदार आ पाँच महिला सिपाही समेत बारह पुलिस कर्मी के निलंबित कऽ देलनि।

————————————————————

राजगीर मे आयोजित एशियाई महिला हॉकी चैंपियन्स ट्रॉफी मे आइ भारतीय टीम चीन के तीन–शून्य सँ पराजित कऽ देलक।

————————————————————

समाप्त